

# Rezime Egzekitif

## AP-05 Rezime Egzekitif - 24 CFR 91.200(c), 91.220(b)

### 1. Entwodiksyon

Plan Daksyon sou Yon Lane pou Plan Konsolide yo Pwopoze pou 2022 a ("Plan Daksyon yo Pwopoze" a) se aplikasyon anyèl Vil New York la pou Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Department of Housing and Urban Development, HUD) peyi Etazini a pou kat pwogram prestasyon Biwo Planifikasyon ak Devlopman Kominotè (Office of Community Planning and Development): Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè (Community Development Block Grant, CDBG), Patenarya Envestisman HOME (HOME Investment Partnerships, HOME), Sibvansyon pou Solisyon Ijans (Emergency Solutions Grant, ESG), ansanm ak Opòtinite pou Lojman pou Moun ki gen SIDA (Housing Opportunities for Persons with AIDS, HOPWA).

Anplis, Plan Daksyon yo Pwopoze a pa sèlman sèvi kòm aplikasyon Vil la pou Prestasyon fon yo, men li sèvi tou kòm aplikasyon pou sibvansyon HOPWA pou Zòn Estatistik Metwopoliten Elijib (Eligible Metropolitan Statistical Area, EMSA) HOPWA New York la. Akòz rezilta revizyon nan zòn estatistik metwopoliten yo (OMB Bilten No. 18-04) ke Biwo Jesyon ak Bidjè (Office of Management and Budget) te pibliye a, konpozisyon Divizyon Metwopoliten yo nan New York-Newark-Jersey City, NY-NJ-PA Zòn Estatistik Metwopoliten (Metropolitan Statistical, MSA) a chanje, sa ki afekte Ane Fiskal Federal (Federal Fiscal Year, FFY) 2022 a. Selon OMB Bilten No. 18-04 ak 42 U.S.C. 12903(c)(2)(B), jiridiksyon HOPWA EMSA Vil New York la pou FFY 2022 ak pou alokasyon annapre yo enkli konte sila yo: Bronx County, NY; Kings County, NY; New York County, NY; Putnam County, NY; Queens County, NY; Richmond County, NY; Rockland County, NY; ak Westchester County, NY.

Pou Ane Pwogram 2022 a, Vil la te resevwa \$304,212,902 kòm fon prestasyon pou kat pwogram sibvansyon fòmil HUD yo: \$166,259,543 pou CDBG; \$81,327,120 pou HOME; \$41,777,058 pou HOPWA; ak \$14,849,181 pou ESG.

## 2. Rezime objektif ak rezilta ki idantifye nan plan an

Tablo pou Objektif Estratejik HUD yo – CDBG Sèlman	
<b>DH-1: Aksesibilite nan objektif pou founi Lojman Desan Abòdab</b>	<b>\$26,161,000</b>
4 pwogram ki konsantre sou lojman aksesib pou moun ki gen andikap, k ap founi lojman an tout sekirite pou moun ki deloje akoz dife oswa akoz lòt ijans, epi jwenn lojman abòdab pèmanan pou fwaye sanzabri yo.	
<b>DH-3: Dirabilite nan objektif pou founi Lojman Desan Abòdab</b>	<b>\$294,469,000</b>
6 pwogram ki konsantre sou amelyorasyon kalite lojman an nan adrese vyolasyon nan Kòd Lojman (Housing Code) la, fè reparasyon dijans, ak/oswa reyalize amenajman modere.	
<b>EO-1: Aksesibilite nan objektif pou kreye Opòtinite Ekonomik</b>	<b>\$2,603,000</b>
1 pwogram ki konsantre sou revitalizasyon distri komèsyal yo nan zòn ki gen revni ki ba ak revni modere ak bati kapasite kòporasyon devlopman lokal yo ak òganizasyon komèsan yo.	
<b>EO-2: Aspè abòdab nan objektif pou kreye Opòtinite Ekonomik</b>	<b>\$4,524,000</b>
1 pwogram ki founi sèvis edikasyon gratis bay fwaye/moun ki gen revni ki ba ak revni modere.	
<b>SL-1: Aksesibilite nan objektif pou kreye Anviwònman Devi Ki Konvnan</b>	<b>\$35,452,000</b>
9 pwogram ki ofri aktivite lwazi, jaden kominotè, sèvis pou moun ki sanzabri, amelyorasyon ak ekipman pou lekòl leta yo, renovasyon sant pou granmoun aje yo, sèvis pou viktim vyolans domestik ak lòt krim, ak operasyon sant kominotè yo.	
<b>SL-2: Aspè abòdab nan objektif pou kreye Anviwònman Devi Ki Konvnan</b>	<b>\$375,000</b>
1 pwogram ki ofri manje gratis pou moun ki pa gen sekirite alimantè.	
<b>SL-3: Dirabilite nan objektif pou kreye Anviwònman Devi Ki Konvnan</b>	<b>\$31,954,000</b>
5 pwogram ki konsantre sou korije oswa evite vyolasyon nan enstalasyon piblik Vil yo, demoli estrikti danjere yo, ak amelyore pwopriyete istorik yo.	
<b>Pa Aplikab - Planifikasyon / Administrasyon</b>	<b>\$34,345,000</b>
5 pwogram ki kategorize swa kòm aktivite Planifikasyon oswa aktivite Administrasyon, ki pa oblije satisfè yon Objektif Estratejik HUD, men ki ofri avantaj tankou pwomouvwa lojman ekitab, evalye ak deziyen pwopriyete pou estati istorik, etidye to inokipasyon ak aspè abòdab nan lojman, sipòte etid planifikasyon nan tout zòn nan, epi asire ke yo itilize fon CDBG yo an konfòmite ak règleman federal yo.	
<b>Total</b>	<b>\$429,883,000</b>

### Patenarya Investisman HOME (HOME)

Pou satisfè objektif ekspansyon aksè a lojman abòdab ki san danje ak sanitè, pwogram HOME la pral finanse pwogram swivan yo nan lane 2022:

- Gen de (2) pwogram yo prevwa ki pral resevwa yon total kimilatif de \$48,194,408, nan objektif pou bay aksè a lojman abòdab e desan.

- Gen yon (1) pwogram yo prevwa ki pral resevwa yon total kimilatif de \$25,000,000 nan objektif pou bay aksè a lojman abòdab e desan.
- Rè s fon HOME ki rete yo, ki se apeprè \$8,132,712, yo pral itilize yo pou planifikasyon ak administrasyon pwogram, kidonk, yo pa aplikab pou deklarasyon rezilta/objektif defini HUD yo.

#### Sibvansyon pou Solisyon Ijans (ESG)

- Gen yon (1) pwogram yo prevwa ki pral resevwa yon total kimilatif de \$7,663,794 nan objektif pou bay sèvi refij ijans pou adilt selibatè ki sanzabri yo.
- Gen yon (1) pwogram yo prevwa ki pral resevwa yon total \$900,500 nan objektif pou founi sèvis sansibilizasyon nan lari a ak sèvis dakèy pou moun sanzabri, pou fasilite plasman nan opsyon lojman tanporè ak pèmanan.
- Gen yon (1) pwogram yo prevwa ki pral resevwa yon total \$2,949,009 nan objektif pou evite kondisyon sanzabri atravè sèvis prevansyon kominotè.
- Rè s fon ESG yo, k ap apeprè \$3,335,878, pral sèvi pou aktivite Sistèm Enfòmasyon pou Jesyon Sante (Health Management Information System, HMIS), ki enkli devlopman kontinyèl CAPS, sistèm Aksè Kowòdone NYC, nan objektif pou evalye, konekte ak plase moun ki sanzabri yo nan lojman pèmanan.

#### Opòtinite pou Lojman pou Moun ki gen SIDA (HOPWA)

Pou atenn objektif pou bay lojman ki bay sipò pèmanan, asistans lwaye pou lokatè, plasman lojman pèmanan, ak prevansyon sanzabri pou moun ki gen revni ki ba k ap viv ak VIH/SIDA (Persons living with HIV/AIDS, PLWHA), pwogram HOPWA a gen kòm objektif pou l desèvi prèske 3,000 fwaye atravè EMSA Vil New York la, chak ane, avèk entansyon pou satisfè bezwen priyoritè pou bay lojman abòdab pou PLWHA ki gen revni ki ba yo.

Sitou, nan lane 2022:

- Twa esponsò pwojè pral konsantre yo sou prevansyon kondisyon sanzabri pami PLWHA ki gen revni ki ba yo atravè livrezon Asistans Lwaye pou Lokatè.
- Yon esponsò pwojè pral redui kondisyon sanzabri a pami PLWHA ki gen revni ki ba yo, ogmante estabilite nan lojman pami PLWHA ki gen revni ki ba yo, ak pwomouvwa aksè a swen pami PLWHA ki gen revni ki ba yo atravè livrezon Plasman Lojman Pèmanan.
- Gen trèz esponsò pwojè ki pral ogmante estabilite nan lojman pami PLWHA ki gen revni fèb yo epi pwomouvwa aksè a swen atravè livrezon Sèvis Sipò ak Lojman Pèmanan nan Etablisman.

### 3. Evalyasyon pèfòmans pase

Ou ka aksede [Rapò Anyèl sou Pèfòmans \(Annual Performance Report, CAPER\)](#) Plan Konsolide 2020 Vil la, nan Sitwèb Biwo Operasyon Majistra a (Mayor's Office of Operations).

Pou evalyasyon Vil New York sou pèfòmans pase pou fon prestasyon fòmil HOPWA yo, tanpri al gade nan HOPWA CAPER 2020 Vil la, done ki pi resan ki disponib sou pèfòmans HOPWA pou jiridiksyon an, disponib nan Apendis CAPER 2020 yo.

### 4. Rezime sou Pwosesis Patisipasyon Sitwayen ak pwosesis konsiltasyon

Vil la itilize divès metòd notifikasyon pou enfòmè piblik la. Yo te voye pa imèl plis pase 500 notifikasyon bay rezidan, òganizasyon ak fonksyonè piblik Vil New York, pou envite yo pataje kòmantè yo pandan peryòd revizyon piblik la pou Plan Daksyon Anyèl yo Pwopoze pou 2022 a.

Anplisdesa, yo te pibliye avi konsènan odyans piblik la nan twa jounal lokal: yon jounal nan lang Anglè, yon jounal nan lang Panyòl, ak yon jounal nan lang Chinwa, chak jou, e yo chak te an sikilasyon nan tout vil la.

Metsouli, yo te afiche avi a nan sitwèb Biwo Operasyon Majistra a ak Biwo Jesyon ak Bidjè Vil New York la. Yon afiche yon vèsyon PDF Plan Daksyon Anyèl pou 2022 a sou [sitwèb](#) Biwo Operasyon Majistra a pou piblik la revize ak teledchaje.

Biwo Operasyon Majistra a te anonse yon Peryòd Kòmantè Piblik (Public Comment Period) 30 jou sou *Fòmilasyon Plan Daksyon Anyèl yo Pwopoze pou 2022* nan jedi 9 desanm 2021 – madi 7 janvyè 2022. Yo te òganize yon Odyans Vityèl nan dat jedi 16 desanm lan apati 2:00pm jiska 3:00pm pou *Fòmilasyon Plan Daksyon Anyèl yo Pwopoze pou 2022 a*.

Biwo Operasyon Majistra a anonse yon peryòd kòmantè piblik 30 jou apati 1<sup>er</sup> jiyè 2022 rive 30 jiyè 2022 sou soumisyon final *Plan Daksyon Anyèl pou 2022 a*. Pral genyen yon Odyans Vityèl nan Mèkredi 20 jiyè 2022 apati 2:00pm rive 3:00pm pou *Plan Daksyon Anyèl yo Pwopoze pou 2022 a*.

Yo te mande piblik la pou l soumèt kòmantè l yo alekri sou Plan Daksyon Anyèl yo Pwopoze pou 2022 a pa pita pase an fen jounen ouvrab la, nan dat 30 jiyè 2022 bay: Lisa Rambaran, New York City Consolidated Plan Program Manager, Mayor's Office of Operations, 253 Broadway 10<sup>th</sup> Floor, New York, New York 10007, imèl: [ConPlanNYC@cityhall.nyc.gov](mailto:ConPlanNYC@cityhall.nyc.gov).